



# Social Security

## Revni Sekirite Siplemantè (SSI)



The background of the page features a stylized graphic of the American flag. It consists of several curved, overlapping bands of blue and red, with white stars scattered throughout. The stars vary in size and are placed both within the bands and in the spaces between them. The overall effect is a dynamic, flowing representation of the flag's design.

[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)

## Kontakte Sekirite Sosyal

### Vizite wèbsayt (sit entènèt) nou

Wèbsayt nou, [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), se yon resous enpòtan pou enfòmasyon sou tout pwogram Sekirite Sosyal. Nan wèbsayt nou ou ka tou:

- Aplike pou avantaj retrèt, andikap, ak Medicare;
- Revize *Etadkont Sekirite Sosyal* ou;
- Jwenn adrès biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou;
- Mande pou ranplase kat Medicare ou; epi
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo.

Kèk nan sèvis sa yo disponib sèlman nan lang Angle.

### Rele nan nimewo gratis nou

Anplis itilizasyon sitwèb nou, ou toujou kapab rele nou gratis nan nimewo **1-800-772-1213**. Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tande yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Anjeneral, w ap gen yon tan ki pi kout pou tann si ou rele pandan jou lasemèn apre madi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou. Si ou soud oswa si ou mal pou tande, ou ka rele nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.

## Ki sa ki andedan

|                                             |    |
|---------------------------------------------|----|
| Revni Sekirite Siplemantè .....             | 4  |
| Kisa SSI ye? .....                          | 4  |
| Règ pou resevwa SSI .....                   | 4  |
| Kouman pou aplike pou SSI.....              | 7  |
| Ou ka anmezi pou jwenn lòt èd .....         | 9  |
| Ou ka anmezi pou jwenn Sekirite Sosyal..... | 10 |

## Revni Sekirite Siplementè

Tiliv enfòmasyon sa a ap eksplike kisa Revni Sekirite Siplementè (SSI) ye, kimoun ki ka jwenn li ak fason pou aplike pou jwenn li. Li bay enfòmasyon debaz epi li pa la pou reponn tout kesyon yo. Pou enfòmasyon spesifik sou sitiyasyon ou, ou ta dwe pale avèk yon anplwaye Sekirite Sosyal.

Pwogram SSI fè peman pou moun ki pa touche anpil lajan epi ki gen 65 kan oswa plis oswa ki avèg oswa ki gen yon enfimite.

Se Administrasyon Sekirite Sosyal ki jere pwogram SSI a. Menm si se Sekirite Sosyal ki jere pwogram nan, se pa taks Sekirite Sosyal ki peye SSI. Se lajan Trezò Ameriken ki peye SSI, men pa lajan fideyikomi Sekirite Sosyal.

## Kisa SSI ye?

SSI fè peman pa mwa pou moun ki pa touche anpil lajan ak moun ki pa gen anpil resous epi ki:

- 65 kan oswa plis;
- Avèg; oswa
- Enfim.

Si w ap aplike pou SSI, ou ta dwe fè demann tou pou publikasyon *What You Need To Know When You Get Supplemental Security Income (SSI)* (Publikasyon nimewo 05-11011).

Timoun ki enfim oswa avèg ka resevwa SSI tou. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan publikasyon *Benefis Pou Timoun ki Enfim* (Publikasyon nimewo 05-10026-HC).

Kantite lajan debaz SSI a menm jan toupatou nan peyi a. Men tou, anpil eta ajoute lajan sou benefis debaz la. Ou ka rele nou pou chèche konnen kantite yo pou eta kote w ap viv la.

## Règ pou resevwa SSI

### Revni ak resous ou

Keseswa w ka resevwa oswa w pa ka resevwa SSI, sa depannde revni ak resous ou (byen sa ou posedé).

## Revni

Revni se lajan ou resevwa tankou salè, benefis Sekirite Sosyal ak panson. Revni gen ladan tou atik tankou manje ak kote pou abite. Kantite lajan revni ou ka resevwa chak mwa pandan ou toujou ap resevwa SSI depanne kote w ap viv anpati. Ou ka rele nou pou chèche konnen limit revni nan eta kote w ap viv la.

Sekirite Sosyal pa konsidere tout revni ou lè n ap deside si w kalifye pou resevwa SSI. **Pa egzanp**, nou pa konsidere:

- Premye \$20 pa mwa nan pifò revni ou resevwa;
- Premye \$65 pa mwa ou touche nan travay ak mwatyè kantite ki plis pase \$65;
- Avantaj Revni Sekirite Anplis (SNAP), ki te rele koupon pou achte manje (food stamps) anvan;
- Kote pou w abite ou jwenn nan òganizasyon ki pa la pou fè pwofi; ak
- Pifò asistans nan enèji pou kay.

Si w marye, nou ajoute tou pati revni ak resous konjwen ou lè n ap deside si w kalifye pou w resevwa SSI. Si w poko gen 18 tan, nou ajoute pati revni ak resous paran ou yo.

Epi, si w pa sitwayen ameriken ki gen yon sponsò, nou ka ajoute revni ak resous sponsò ou. Si w se yon élèv, nou ka pa konsidere kèk nan salè **oswa bousdetid** ou resevwa.

Si w enfim men w ap travay, Sekirite Sosyal pa konsidere salè ou itilize pou peye pou atik oswa pou sèvis k ap ede ou fè travay ou. Pa egzanp, si w bezwen yon chèz woulan, nou pa konsidere lajan salè ou itilize pou peye pou chèz woulan kòm revni lè n ap deside si w kalifye pou resevwa SSI.

Epitou, Sekirite Sosyal **pa** konsidere nenpòt salè yon moun avèg itilize pou depans pou travay li. Pa egzanp, si yon moun avèg itilize lajan salè li pou peye pou transpò pou ale ak pou sòti nan travay, lajan salè ki itilize pou peye pou frè transpò a pa konsidere kòm revni.

Si w enfim oswa avèg, kèk nan revni ou itilize (oswa epaye) pou fòmasyon oswa pou achte atik ou bezwen pou travay ou **ka pa** konte.

## Resous (byen ou posedè)

Resous nou konsidere lè n ap deside si w kalifye pou resevwa SSI gen ladan byen imobilye, kont labank, lajan kach, aksyon ak obligasyon.

Ou ka anmezi pou resevwa SSI si resous ou pa vo plis pase \$2,000. Yon koup ka anmezi pou resevwa SSI si resous vo pa vo plis pase \$3,000. Si w posede byen w ap eseye vann, ou ka anmezi pou resevwa SSI pandan w ap eseye vann li.

Sekirite Sosyal pa konsidere tout bagay ou posede lè n ap deside si w gen twòp resous pou w kalifye pou resevwa SSI. Pa egzanp, nou pa konsidere:

- Kay kote w ap viv la ak tè kote kay la bati a;
- Kontra asirans vi ki gen yon valè nominal \$1,500 oswa mwens;
- Oto ou (anjeneral);
- Kav nan simityè pou ou menm ak manm fanmi pwòch ou; ak
- Jiska \$1,500 nan lajan antèman pou ou menm epi Jiska \$1,500 nan lajan antèman pou konjwen ou.

## Lòt règ ou dwe satisfè

Pou resevwa SSI, ou dwe ap viv Ozetazini oswa nan Northern Mariana Islands (Nò Zile Maryana) epi ou dwe se yon sitwayen ameriken oswa yon moun ki fèt Ozetazini. Nan kèk ka, rezidan ki pa sitwayen ameriken kapab kalifye pou SSI. Pou plis enfòmasyon, fè demann piblikasyon *Revni Sekirite Siplemantè (SSI) Pou Moun Ki Pa Sitwayen Ameriken* (Piblikasyon nimewo 05-11051-HC).

Si w elijib pou benefis Sekirite Sosyal oswa pou lòt benefis, ou ta dwe aplike pou yo. Ou ka resevwa benefis SSI ak lòt benefis si w elijib pou toulède.

Si w ap viv nan sèten kalite enstitisyon, ou ka resevwa benefis SSI.

Si w ap viv nan yon mezon retrèt nan vil oswa konte, yon sant reyadaptasyon oswa lòt enstitisyon piblik, anjeneral ou pa ka resevwa SSI. Men gen kèk eksepsyon.

Si w ap viv nan kay kominotè ki anba kontwòl leta epi k ap sèvi plis pase 16 moun, ou ka resevwa SSI.

Si w ap viv nan yon enstitisyon piblik sitou pou swiv kou fòmasyon edikatif ki apwouve oswa fòmasyon pou ede w jwenn djòb, ou ka resevwa SSI.

Si w ap viv nan yon refij piblik pou ijans pou moun ki pa gen kay pou rete, ou ka resevwa SSI.

Si w ap viv nan yon enstitisyon piblik oswa prive epi Medicaid ap peye plis pase mwatye frè pou swen ou, ou ka resevwa yon ti benefis SSI.

## Kouman pou aplike pou SSI

Si w aplike pou SSI, ou ka ranpli yon gwo pati nan fòm aplikasyon ou. Pou fè sa, ou dwe vizite wèbsayt nou nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Ou ka rele nou gratis tou nan nimewo **1-800-772-1213** pou mande yon randevou avèk yon anplwaye Sekirite Sosyal.

Paran oswa gadyen yo ka aplike anjeneral pou timoun avèk oswa pou timoun enfim ki pokon gen 18 tan. Nan kèk ka, lòt twazyèm pati yo ka aplike pou timoun.

Ou ta dwe pote sèten dokiman lè w ap aplike. Menm si w pa gen tout dokiman ki endike nan lis la, aplike kanmenm. Moun ki nan biwo Sekirite Sosyal yo ka ede w jwenn kèlkeswa sa ki nesesè a. Tanpri pote:

- Kat Sekirite Sosyal ou oswa yon dokiman ki gen nimewo Sekirite Sosyal ou;
- Batistè ou oswa lòt dokiman ki pwouve laj ou;
- Enfòmasyon sou kay kote w ap viv la, tankou peman prè ipotekè ou (mortgage) oswa peman fèm kay ou ak non mèt kay la;
- Resi chèk travay, kanè bank, kontra aspirans, dosye lajan antèman ak lòt enfòmasyon sou revni ou ak byen ou posede;
- Non, adrès ak nimewo telefòn doktè, lopital ak klinik kote w te ale, si w ap aplike pou SSI paske w enfim oswa avèg;
- Prèv ki montre ou se sitwayen ameriken oswa ou se sitwayen lòt peyi ki kalifye; ak
- Liv chèk ou oswa lòt papye ki montre nimewo kont labank ou, nimewo kont koperativ ou oswa nimewo kont epay ou oswa nimewo kont prè ou.

Si ou jwenn apwobasyon pou SSI, ou dwe resevwa peman yo sou fòm elektwonik. Yo ka fè peman yo sou fòm depo dirèk, nan pwogram kat Direct Express® oswa nan yon Kont Transfè Elektwonik. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou Entènèt nan sitwèb [www.GoDirect.org](http://www.GoDirect.org).

## **Yon remak pou moun ki avèg oswa enfim**

Si w travay, gen règ espesyal pou ede ou. Ou ka anmezi pou kontinye resevwa peman SSI pandan w ap travay. Lè w fè plis lajan, peman SSI ou yo ka redwi oswa sispann, men ou ka anmezi pou kontinye genyen pwoteksyon Medicaid ou.

Ou ka anmezi tou pou rezève kék lajan pou bi travay oswa pou al lekòl. Nan ka sa a, lajan ou rezève a p ap redwi kantite lajan SSI ou.

Moun ki avèg oswa enfim ki aplike pou SSI ka resevwa sèvis spesyal gratis pou ede yo travay. Sèvis sa yo ka gen ladan oryantasyon, fòmasyon pou jwenn travay ak èd pou jwenn travay.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan piblikasyon *Travay Lè Ou Gen Yon Maladi/Enfimite—Kòman Nou Ka Ede* (Piblikasyon nimewo 05-10095-HC).

## **Dwa pou kontestasyon**

Si ou pa dakò avèk yon desizyon ki pran sou reklamasyon ou, ou kapab konteste li. W ap jwenn eksplikasyon pou etap ou kapab fè yo nan *Your Right To Question A Decision Made On Your Supplemental Security Income (SSI) Claim* ({Dwa Ou pou Konteste yon Desizyon yo Pran sou Demann Revni Sekirite Anplis Ou (SSI)}, Piblikasyon Nimewo 05-11008. Disponib nan lang Angle sèlman).

Ou ka rezoud pwoblèm dosye SSI ou avèk èd gratis w ap jwenn nan Sekirite Sosyal. Ou gen dwa tou pou jwenn yon moun ki pou reprezante ou. Gen kék règ sou moun ki kapab reprezante ou ak sa reprezantan ou kapab fè. N ap travay avèk reprezantan ou menm jan nou ta travay avèk ou. Mande nou si ou vle konnen kijan ou kapab deziyen yon moun ki pou pran desizyon sou non ou. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon tou sou reprezantasyon nan *Your Right To Representation (Dwa Ou Pou Ou Gen Reprezantan)* (Piblikasyon Nimewo 05-10075-HC) oswa nan Entènèt sou sitwèb nou nan [www.socialsecurity.gov/representation](http://www.socialsecurity.gov/representation).

## Ou ka anmezi pou jwenn lòt èd

Si w ap resevwa SSI, ou ka anmezi pou jwenn èd tou nan eta oswa konte kote w ap viv la. Pa egzanp, ou ka anmezi pou jwenn Medicaid, koupon pou manje (food stamps) oswa lòt sèvis sosyal. Rele depatman sèvis sosyal oswa biwo asistans sosyal piblik ki nan zòn ou pou jwenn enfòmasyon sou sèvis ki disponib nan kominate ou.

## Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè [(koupon pou achte manje (food stamps))]

Si w ap resevwa SSI, ou ta ka anmezi pou resevwa èd nan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP), ki te rele koupon pou achte manje anvan. Si chak moun ki lakay ou aplike pou SSI oswa si y ap resevwa SSI, ou kapab aplike pou SNAP nan yon biwo Sekirite Sosyal.

Si ou p ap viv nan yon kay kote tout moun aplike pou SSI oswa kote tout moun ap resevwa SSI, ale sou Entènèt nan sitwèb [www.fns.usda.gov/snap](http://www.fns.usda.gov/snap) pou jwenn fason pou aplike. Pou jwenn plis enfòmasyon, mande *Nutrition Assistance Programs* ({Pwogram Asistans Nitrisyon yo}, Piblikasyon Nimewo 05-10100. Disponib nan lang Angle sèlman).

## Medicaid

Lè w ap resevwa SSI, ou ka resevwa Medicaid tou k ap ede w peye bòdwo doktè ak bòdwo lopital. Biwo asistans sosyal piblik oswa biwo asistans medikal zòn ou ka ba ou enfòmasyon sou Medicaid.

## Èd pou peye pou Medicare

Si w gen Medicare epi w p ap touche anpil lajan epi ou pa gen anpil resous, eta kote w ap viv la ka peye prim Medicare ou yo epi, nan kèk ka, lòt depans Medicare tankou franchiz ak ko-asirans. Se sèlman eta kote w ap viv la ki ka deside si w kalifye. Pou chèche konnen si w kalifye, kontakte eta kote w ap viv la oswa biwo byènnèt sosyal lokal ou a oswa ajans Medicaid la. Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan pwogram sa yo nan Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers



for Medicare & Medicaid Services, CMS) lè w rele nimewo gratis Medicare la nan, **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**. Si ou soud oswa malantandan, ou ka rele nimewo TTY nou **1-877-486-2048**.

Epitou ou ka jwenn èd siplemantè pou ede w peye pou franchiz anyèl, prim mansyèl ak kotpa pou preskripsyon ki gen rapò ak pwogram medikaman preskripsyon Medicare lan (Pati D). Ou kapab ranpli kondisyon pou jwenn èd siplemantè si w p ap touche anpil lajan (selon nivo federal povrete) epi si w pa gen anpil resous. Limit sa yo sou valè lajan ou touche ak resous ou genyen chanje chak ane epi yo pa menm avèk limit sou valè lajan ou touche ak resous ou genyen pou SSI. Ou ka kontakte Sekirite Sosyal pou chif yo genyen kounye a.

Si w genyen ni kouvèti Medicaid avèk preskripsyon ni Medicare, Medicare avèk SSI, oswa si eta kote w ap viv la peye pou prim Medicare ou yo, ou otomatikman pral resevwa èd siplemantè sa a epi ou pa menm bezwen aplike pou sa.

## Ou ka anmezi pou jwenn Sekirite Sosyal

Si w te travay epi ou te peye taks Sekirite Sosyal pandan lontan ase, ou ka elijib tou pou resevwa benefis Sekirite Sosyal pandan w ap resevwa SSI. Benefis pou retrèt ka peye pou moun ki gen 62 zan oswa plis ak pou fanmi moun yo. Benefis pou enfimite peye pou moun ki enfim ak pou fanmi moun yo. Benefis swivivan yo peye pou fanmi travayè ki mouri. Si ou panse ou ka kalifye pou resevwa benefis Sekirite Sosyal, rele nou pou pran yon randevou pou pale avèk yon anplwaye Sekirite Sosyal.

[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)



**Social Security Administration**  
SSA Publication No. 05-11000-HC  
Supplemental Security Income (SSI) (Haitian-Creole)  
August 2012